*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№167 (26619)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 12 сентябрь – рухæны мæйы 12 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЕ 'МБÆСТÆГТÆ
Ирланди ирыстойнаджы цæстæй

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
«Нæ фыдæлты бæстæ, нæ фыдæлты зæхх»

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Фехтовани

Æмбырд

# Артагæвгæнæн-энергетикон базарады уавæр

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд республикæйы артагæвгæнæн станцæты разамонджытимæ. Боны фæткмæ рахастой артаджы-энергетикон базарады уавæр.**

Ныхасы ма архайдтой республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур**, «Роспотребнадзор»-ы федералон управленийы службæйы разамонæг Цæгат Ирыстоны – **Тыбылты Алан**, Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады паддзахадон управленийы регионалон сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Сергей Веретенников**, Граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ æнæнхъæлæджы уавæрты комитеты сæрдар **Александр Хоружий** æмæ Транспортон комитеты сæрдар **Закаты Алан**.



Æмбырды архайджытимæ ныхас

Ноджы ма æркастысты, артаджы фæстауæрц къаддæр куыд нæ кæна, ахæм уæлæмхасæн артагæвгæнæн станцæты куыстимæ баст фарстатæм.

Республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрад уавæрмæ йæ цæст дары, æрвылбон дæр зылд цæуы артагæвгæнæн станцæтыл, исынц видео æрмæг, бензин ис æви нæй, йæ аргъ, æмæ ма хæдтулгæтæ рады цас лæууынц, уый тыххæй дæр. Уымæй уæлдай ма, оперативон æгъдауæй æмбырдгонд цæуынц, артаг æввонггонд куыд цæуы, уый бæрæггæнæнтæ. Рейдтæ профилон ведомствæ аразы Монополонты ныхмæ федералон службæйы управлени Цæгат Ирыстоны, «Ростехнадзор»-ы кавказаг управлени, Транспорты ко-



кæнгæйæ, Сергей Меняйло куыд фæнысан кодта, афтæмæй нефты продуктты æргъты сырæзт æруадзæн нæй.

– Бензинимæ баст уавæр хуымæтæг нæу, фæлæ нæ бон цы у, уымæй йыл архайæм. Фарстатæ сæвзæры, хицæн адæймæгты къухы цы артагæвгæнæн станцæтæ ис, уыдонмæ. Кæд паддзахадæн йæ бар кæуыл цæуы, уыцы артагæвгæнæн станцæты бензины аргъ бæрæг у, уæд хицæн адæймæгты къухы чи ис, уым æргътæ уæлæмæ цæуынц. Ныры уавæрты уымæн уæвæн нæй. Республикæйы цæрджытæй бирæ хъæстытæ æрбацæуы, уымæ гæсгæ та ногæй сидын уе 'ппæтмæ дæр, цæрджыты артагæй ифтонг кæнынæл æмæ æнæзакъонæй нефты продуктты æргътæ уæлæмæ исыны ныхмæ тох кæнынæл бæрнондæрæй бацархайæм, – бахахх кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

митет, республикæйы «Роспотребнадзор» æмæ «Росприроднадзор»-ы управленитимæ иумæ.

Сергей Меняйло бафæдзæхста, æрвылбон дæр артаджы уавæрмæ цæст дарын æмæ оперативон æгъдауæй фарстатæ лыг кæнын, цæмæй артаджы хъуагдзинад æмæ æргъты рæзт ма æрцæуа.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

---

# Æргом æвзæрстытæ æмæ æдасдзинад

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН уыдис фембæлд, 18, 19 æмæ 20 сентябры нæ республикæйы цы æвзæрстытæ уыдзысты, уыцы бонтæм цæттæгæнæг кусæг къордимæ. Боны фæткмæ хаст æрцыдысты, Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды Паддзахадон Думæйы фарæстæм равзæрсты депутаттæ æвзарыны æмæ хъæлæс кæныны мадзалы кусæг къордæн цавæр бартæ лæвæрд ис, уыцы фарстатæ.**

Æмбырды архайдтой æвзарæн къамисты минæвæрттæ, хицауиуæггæнæг оргæнты, барадхъахъхъæныны, тыхы æмæ цæстдарæн структурæты разамонджытæ, нæ республикæйы Муниципалон скондты сæргълæуджытæ. Æмбырды Сергей Меняйло фæнысан кодта, æнæмæнг, æвзарæн бонты æдасдзинад æмæ æргом æвзæрстыты фарстатæ.

– Нæ размæ бæрнон хæс æвæрд ис, бацархайын, æвзарæн процедурæтæ, цæмæй хæрзхъæд æмæ закъоны бындурыл ацæуой, ууыл. Курын, уæлдай æргомраздахын хъæлæсгæнджыты уавæртæм, нæ республикæйы граждæнтæн æвзæрстыты фæтк, хъæлæс кæныны бынат æмæ рæстæг бæлвырд фехъусын кæнын, æдасдзинады мадзæлттæ саразын. Æркæсын хъæуы, æвзарæн участоктæм, йе 'нæниздзинадмæ гæсгæ



æрбацæуын йæ бон кæмæн нæу, уыдонмæ сæ хæдзæрттæм цæуыны хъуыддагмæ дæр. Уыимæ, къамисты уæнгты архайд алкæмæн дæр хъуамæ уа æхсæнадæн æмбæрстгонд æмæ æргом, – загъта республикæйы Сæргълæууæг.

РЦИ-Аланийы æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ** куыд радзырдта, афтæмæй нæ республикæйы æвзæрстытæ ацæуынæн архайынц 10 территориалон æмæ 309 та участокты æвзарæн къамистæ. Ноджы ма 19 участокы байгом уыдзысты, граждæнтæ рæстæгмæ цы бынæтты сты, уым. Æвзарджыты номхыгъды ис нæ республикæйы 511 мин адæймаджы. Уæлдай цæстдард цæудзæн æвзæрстыты æргом архайд æмæ æдасдзинады фарстатæм. Æппæт участоктæ дæр æххæст сты физикон хъахъхъæнындзинадæй, металлодетектортæ æмæ видеоцæстдарды системæтæй. Æнæнхъæлæджы сæвзæрæг æнæштатон уавæрæн, рухсытæ ахуыссыдысты æмæ бастдзинад фесæфт, уæд цæттæгонд сты хъæугæ мадзæлттæ, уæлæмхасæн агъуыстытæ.

Дарддæр ист цæуынц курдиæттæ «Мобильный избиратель», зæгъгæ, механизмы фæрцы. Спайда дзы кодтой нæ граждæнтæй 5 мин адæймаджы. «ИнформУик»-ы проекты бындурыл 1,5 мин адæймаджы та 187 хæдзарыл æрзылдысты. «Адресная» кæй хонынц, уыцы æххуысы мадзал уыдзæн ацæргæ æмæ æнæбон зæрæдтæн.

Ацы аз фыццаг хатт æвзæрстыты архайдзысты 16 мин æрыгон æвзарæгæй фылдæр. Уыдонæн та бацæттæ кодтой зæрдылдарæн лæвæрттæ. Уымæй уæлдай, 18 сентябры нæ республикæйы территорийы байгом уыдзысты 4 участокы Хуссар Ирыстоны æвзарджытæн. Уыдон архайдзысты Президенты æвзæрстыты. Æвзæрстыты историйы фыццаг хатт бюллетентæ мыхуыргонд æрцыдысты ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

---

Парламенты Советæй

# Депутаттæ – Дыгуры районы

**Нæ республикæйы Парламент йæ фæззыгон сесси райдыдта Дыгуры районмæ балцæй. Парламенты Советы уæнгтæ се ‘мбырд ахастой горæт Дигорамæ районы уавæрыл æмæ йæ лыггæнинаг фарстатыл бæстон æмæ комкоммæ æрныхас кæныны тыххæй. Æмбырд амыдта Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Йæ раныхасы Тускъаты Таймураз куыд загъта, афтæмæй республикæйы уавæрæн аргъ кæнгæйæ, бафиппайын хъæуы, мидбæстон иумæйаг продукты бæрц кæй сырæзыд, хорз ивддзинæдтæ кæй ис промышленносты, хъæууон хæдзарады, 90 процентæй кæй фæфылдæр продукцийы гуырахст, къуылымпытæ кæй нæй инвестицион архайдæн дæр.

– Алцæйы рахæцæн дæр у хицаудзинады оргæнты æмæ адæмимæ æнгом куыст. Уый тыххæй арæх æмбæлын хъæуы бынæттон цæрджытимæ æмæ сын сæ сагъæстæ зонын. Адæмы хъуыды у республикæйы размæцыды сæйраг рахæцæн, – загъта Тускъаты Таймураз.

Советы æмбырды фыццаг фарста уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы бынатмæ бавдыст кандидатурæты тыххæй.

ныхас кодта районы сæргълæууæг **Цагъаты Сослан**. Куыд загъта, афтæмæй, бюджет нывыл уавæрты дарыны фæрцы район сæххæст кодта адæмы раз æппæт социалон хæстæ дæр. Хи æфтиæгтæ сæм ивгъуыд аз рауадысты 224 милуанæй фылдæр, кæнæ та 103 проценты. Уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, хъалонты æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæ фæфылдæр сты 50 милуан æмæ 718 мин сомæй. Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, мызд фидынæй, стæй коммуналон лæггæдтæн æмæ алыхуызон программæтæ æххæст кæнынæн фидынæй район хæстæ нæ дары.

Уый фæстæ районы сæргълæууæг бæстон æрныхас кодта, цы национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ æххæст кæнынц, уыдоныл, стæй социалон-экономикон алы къабæзты уавæр куыд у, ивгъуыд аз

менты промышленносты, транспорты, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат**. Уый дæр бафиппайдта хъалонтæ æмæ æнæхъалонты æфтиæгты рæзт, фæлæ загъта, Финансты министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, районæн кæй фæфылдæр хаццонæн зæххы хæйттæн фидыны хъалон. Кисийы-фырт дæр ныхас кодта Дигорайы сыгъдæггæнæнтæ ивыны æмæ, Æрæфы цæугæдонæн цы экологон тасдзинад хæссынц, уыцы фарстайыл, стæй районы фæндæгты уавæрыл. Куыд загъта, афтæмæй регионалон нысаниуæджы машинæты фæндæгты 84 километрæй нормативон домæнтæн дзуапп дæттынц æрмæстдæр 48 километры. Бынæттон нысаниуæджы фæндæгты 274 километрæй та – æрмæстдæр 64. Дарддæр ныхас цыд æнæзакъонæй бырондæттæ аразынил æмæ сæ иуварс кæныны фарстайыл.

Парламенты наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Елена Князева** ныхас кодта, социалон царды нысантæ районы куыд æххæстгонд цæуынц, уыцы фарстайыл æмæ



Æрныхас ыл кодта Парламенты закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады сæрдар **Черчесты Аслан**. Куыд загъта, афтæмæй Æвзарæн къамис Парламентмæ æркæсынмæ æрбарвыста республикæйы Сæргълæууæджы бынатмæ æртæ кандидатурæйы. Уыдон сты: æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Селенгауголь»-ы генералон директоры хæдивæг **Олег Варнавин**, Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон академион театры директор, Парламенты депутат **Дудайты Чермен** æмæ республикæйы ныры Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Закъонæвæрынад куыд амоны, уымæ гæсгæ фарста æрныхас ыл кæныны тыххæй хаст æрцыд Парламенты хæстæгдæр æмбырды боны фæткмæ.

Дарддæр ныхас цыд 2025 азы Дыгуры муниципалон районыл. Районы социалон-экономикон уавæрыл, национ проекттæ дзы æххæст кæныныл, стæй ацы азы пъланты фæдыл цавæр бæрæггæнæнтимæ ахицæн кодтой, ууыл. Фæстаг дыууæ мæймæ æхсæз социалон объекты (скъолатæ, рæвдауæндæттæ, спортивон зал) кæй бацæттæ кодтой æмæ бындуронæй кæй рацарæзтой – æрмæст уый дæр, йæ ныхасмæ гæсгæ, у районы куыстæн хорз аргъæнæн бæрæггæнæн.

Ацы азы пълантыл ныхас кæнгæйæ, Цагъаты Сослан куыд загъта, афтæмæй сæм ис, æнæ республикæйы æххуысæй сæххæст кæнын кæмæн нæй, ахæм фарстатæ дæр. Зæгъæм, горæт Дигорайы æнæхъæнæй дæр ивинаг сты сыгъдæггæнæнтæ, Хъарман-Сындзыхъæуы ногæй аразинаг сты, 2016 азы донивылдтыты аххосæй чи фехæлд, Урсдоны уыцы ауæзæнтæ, Мустыздæхы аразын хъæуы Культурæйы хæдзар æмæ æндæртæ.

Районы социалон-экономикон уавæры тыххæй, стæй, йæ фæхуыздæр кæнынæн сæм цы гæнæнтæ ис, уый фæдыл ныхас кодта Парламенты йе ‘ргом фылдæр аздæхта, уæлдай цæстдард чи домы, уыцы хъуыддæгтæм, æппæты фыццаг, демографион уавæрмæ. Фæстаг цалдæр азмæ уыцы бæрæггæнæнтæ уыдысты нывылдæр, мæлыны цаутæ – къаддæр. Фæлæ 2025 азы хъуыддаг иннæрдæм аивта – мæлыны цаутæ фæфылдæр сты. «Уавæр уæд фæхуыздæр уыдзæн, æмæ экономикон, социалон æмæ медицинон къабæзты фарстатæ æмхуызонæй лыггонд куы цæуой», – бафиппайдта депутат. Уымæй уæлдай, Елена Князева ныхас кодта, программæ «Хъæууон дохтыр»-ы ахадындзинадыл, фæсивæд стыр горæттæм цæмæй ма лидзой, фæлæ сын сæ райгуырæн районы аккаг куысты бынæттæ цæмæй уа, уымæн уавæртæ аразыныл æмæ ахуырад æмæ фæсивæды политикæимæ баст программæтæ царды æххæст кæныныл.

(Кæрон 2 фарсыл)

## Дзырды фарн

*Сæрибарæн сæрибары тых æмæ зонд хъæуы.*

*ÆМБИСОНД*

Цæгат – Хуссар

# Ныййарджыты æмæхсæнадтæ

**Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы хъæууон районты уыд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны ныййарджыты æмæхсæнадты фембæлд.**



Хуссар Ирыстоны ныййарджыты æмæ ахуырады системæйы минæвæртты делегаци нæ республикæмæ æрбацыд не скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты æнтыстджын проекттимæ базонгæ уæвынмæ, стæй ахуыргæнæндæтты куысты ныййарджыты архайд рахатынмæ. Иунæг бонмæ уазджытæ бабæрæг кодтой æртæ кусæндоны: Дзæуджыхъæуы 107-æм рæвдауæндон, стæй Беслæны æмæ Æрыдоны районы Нартыхъæуы скъолатæ.

Уæрæсейы æхсæнад «Зонындзинад»-ы ныййарджыты æмæхсæнадты фæндæтты конкурсы чи фæуæлахиз, уыцы рæвдауæндонмæ бацæугæйæ, уазджытæ дзы архайдтой инженерон-техникон сфæлдыстадæй сывæллæттæ æмæ ныййарджытæн арæзт мастер-классты. Уымæй уæлдай, бинонтæ сæхи проекттæ æмæ космосон моделтæ кæм æвдыстой, уазджытæ уыдысты сывæллæттæ æмæ хъомыл адæмы ахæм конференцийы жюрийы уæнгтæ. Ныййарджыты фæндæтты конкурсы чи фæуæлахиз, Беслæны скъоламæ бацæуæг делегацийæн равдыстой ахæм спектакль. Конкурсмæ курдиат бацæттæ кæнын æмæ проект баххæст кæнын куыд æмбæлы, спектакль фенины фæстæ ныййарджытæ æмæ педагогтæ уыдæттыл æрныхас кодтой.

Гранты æххуысы фæрцы Нартыхъæуы скъолайы фæзынд интерактивон стендтæ æмæ æвæджиауы архивон æрмæджытимæ нырыккон музей (уазджытæн проект равдыста ныййарæг æмæ скъолайы командæйы разамонæг **Цыхуырбаты Мария**). Уазджытæ Нартыхъæ-уы скъолайы базонгæ сты агрокъласы куыстимæ, стæй сын равдыстой цыхтахсæг кусæндоны ифтонггæрзтæ.

Хуссар Ирыстонæй æрбацæуæг адæм дзæуджыхъæукаг рæвдауæндон æмæ чысыл хъæуы скъолайы куыстимæ цæмæй базонгæ уой, балцы маршрут сæрмагондæй арæзт, уыд ахæм уагæй. Ныййарджытæ æмæ педагогтæ иумæ кусынмæ цæттæ сты æви нæ, ахуыргæнæндоны куысты бæрæггæнæнтæ уымæй аразгæ сты. Фæлтæрддзинадæй кæрæдзийæн рахай кæныны хъуыддаг Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæн дæр кæй фæпайда уыдзæн, ууыл зæрдæдарæн ис.

**Нæ уацхæссæг**

Не 'мбæстæгтæ

# Ирланди ирыстойнаджы цæстæй

**Евроцæдисы 27 паддзахадæй æрбацæуæг адæммæ иуы дæр Ирландийы хуызæн хорз нæ кæсынц .«Сæ хистæр фæлтæр мæм ирæтты 'нгæс кæсынц, йæ номæн дæр Ирыстоны хуызæн зæлынад ис, паддзахадон æвзæгтæ ам дæр сты дыууæ – англисаг æмæ ирландиаг. Уазæгуарзон сты ирæттау, сæ цардыуаг æмæ хъуыдыкæнынад дæр – мах æнгæс. Цыма Ирыстоны дæн, афтæ мæм фæкæсы. Æнгæс сты нæ дыууæ адæмыхатты орнаменттæ, Уæрæсе æмæ Ирландийы историктæ кусынц, иумæйагæй нæм цы ис, уый раиртасыныл. Бирæ 'рмæджытæ бакастæн уый фæдыл. Фæлтæртæ ивынц, æмæ ныгуылæйнаг политикæ сæ æрыгæтты зондахастыл æнæзынгæ нæ фæцис», – зæгъы, се 'хсæн 24 азы чи цæры, уыцы ХЪАЙТЫХЪТЫ Динæ. Йæ райгуырæн бæстæмæ радон хатт ссæугæйæ йемæ фембæлд нæ уацхæссæг, бæлвырд базыдта ирландиæгты царды уаг.**

Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы рауагъдоны, ЦИПУ- йы цур англисаг скъолайы ахуыргæнгæйæ иннæтимæ арвыстой Оксфордмæ, цæмæй сын, чи йыл дзуры, уыдоны 'хсæн уæвын æмæ йæ бæстондæр базонынæн фадат уа. Куы сыздæхт, уæд Англис, æви Ирландимæ кусынмæ ацæуынæн уыд фадат. Бауынаффæ йын кодтой дыккаг равзарын, уымы адæм тынг хицæн кæнынц англисæгтæй, зæгъгæ. Фæстæдæр æй йæхиуыл банкъардта: англисæгтæ уазал цæстæй кастысты фæсарæйнæгтæм, ирландиæгтæ сæ сæ къухтыл хастой. Йæ рæстæджы мæгуыр бæстæ уыд Ирланди - Англисы колони, ныр дæр йæ цæгатварсæн хицауиуæг уыдон кæнынц. Риссаг фарста у нæ рæстæджы дæр ирландиæгтæн, сæ хъысмæт Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны æнгæс у. Закъонмæ гæсгæ дзы чи цард мигранттæй, уыдоны цот нымад æрцыдысты паддзахады граждæнтыл, ныййарджытæн лæвæрдтой паспорттæ.



Бирæтæ спайда кодтой уымæй, æмæ байдзаг фæсарæнтæй æрбацæуæг адæмæй, æрмæст паспорт исгæйæ сæ гæххæттыты фæнысан кодтой, цæгатæй, æви хуссарæй у, уый. Куыд фæзынд уый паддзахады æхсæнады цардыл? Уæрæсейы туризмы рæзтимæ æргъæ уæлæмæ цæуын куыд райдыдтой, ам дæр афтæ. Æххуыс сын цæуы паддзахадæй, сæ хъалонты политикæ тасаг у, уымæ гæсгæ сæм фæсарæнтæй æрбацыдысты зындгонд ай-ти компанитæ. Бирæ гæнæнтæ фæзынд æрыгæттæн, æххæст цæуынц социалон программæтæ.

Ныййарджытæ сæ бынтæ цотæн нæ ныууадзынц, 18 азы кæуыл сæххæст вæййы, уымæн йæ бон у ипотекæ 6-7 процентимæ райсын, уавæртæ хынцгæйæ, уый бирæ нæу. Раздæр 2-3 проценты уыд, инфляцийы рæзтимæ йæ бæрц схызт. Динæ бамбарын кодта, уым мах хуызæн кæй нæу, бинонтæ хæдзар балхæнынмæ кæй нæ тырнынц, арендæйы исынц цæрæнуæттæ æмæ дзы æвæлмæстæй цæрынц. Сæ цотæн бын скæнынмæ кæй нæ тырнынц, уый та, исбонады аргъы 30 проценты цоты кæй хъæуд-зæн хъалон бафидын, уыимæ баст у. Цæмæй уымæй хызт уой, уый тыххæй ныййарджытæ, гæнæн ис, æмæ рагагъоммæ сæ исбон ауæй кæной æмæ цотыл æхца байуарой, цæрæнуат та арендæйы райсынц.





– Диссаг сæм каст, куы сын-иу дзырдтон, махмæ хæдзæрттæ, хæдтулгæтæ балхæнынц сæ кæстæртæн, уæд. Сæ хъуыдымæ гæсгæ, уый сывæллоны раст нæ хъомыл кæны, йæхæдæг куы дара йæхи, уый хорзыл нымайынц. Зын бамбарæн сын сты, мах ныййарджытæ æмæ цоты 'хсæн ахастдзинæдтæ, – зæгъы Динæ.

Чи зоны, исчи афтæ банхъæла, æмæ сæ царды æппæт дæр нывыл у. Дарддæр нæ ныхасы сæр уыдзæн Ирландийы ахуырад æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады фарстатыл. Медицинæйы системæ афтæ æвæрд у, æмæ хæрзхъæд медицинон æххуыс райсой, уый фадат дзы нæй. Хатт рынчыны рады лæугæйæ æнхъæлмæ кæсын бахъæуы мæй дæр нæ, фæлæ афæдз. Хайады дохтырмæ бацæу-гæйæ, гæнæн ис, æмæ дын дæ разы чиныг рафæлдах-бафæлдах кæна, цы хос дын рафысса, уый агургæйæ. Махмæ уый диссаг кæсы, уым та – нæ. Дзæбæх кæнынæн цæрæнбонты хъуамæ фидай зынаргъ страховкæ. Махмæйы полисты хуызæн гæххæтт сæм ис, медицинон æххуыс дзы исынц лæвар, фæлæ йæ хæрзхъæддзинад тынг ныллæг у.

Динæ куыд радзырдта, афтæмæй йæ кæстæр чызджы хъуыд ЛОР дохтыры æххуыс, операци йын скæнын. Полисмæ гæсгæ сæ рады сæвæрдтой, афæдз æмæ 'рдæджы фæстæ сæ уавæрмæ æркастаиккой, бынтон цауд уавæры нæу, куы февзæрдæр уа, уæд-иу æрбацæут, зæгъгæ, сын бамбарын кодтой. Уынæггаг бафыстой 200 евройы. Сывæллон улæфын нæ фæрæзта, Дублинæй йæ Динæ аласта æндæр горæтмæ. Уым дæр та йæ хъуыд мæй æнхъæлмæ кæсын. Уым дæр клиникæйы дохтырæн раттой 130 евройы, операци кæнæггаг – 4000 евройы. Сæ амондæн сæ 'хца фидыны сæр нал бахъуыд – куыстурæд дзы райдыдта, уый фæстæ та, æвæццæгæн, медицинон клиникæйы базæ аивта.

Сæ хæрзтæй нæу ахуырад дæр. Мах скъоладзауы зонындзинæдты æмвæзад афтæ уæрæх æмæ хъæздыг у, æмæ уым сæ хъуыдыйы дæр нæй, куыд ис уымæн уæвæн, уый. Сывæллон астæуккаг скъоламæ куы бацæуы, уæд хъуамæ цавæрдæр предметтæ равзара. Дыууадæсаздзыд сывæллон цæмæй зоны, цы йæ бахъæудзæн фидæны, уый... Уæрæсейы скъолаты предметтæ ахуыр кæнынц иумæйаг зонындзинæдтæ райсынæн. Католиктæ кæй сты, уый тыххæй лæппутæ æмæ чызджытæ хицæн скъолаты ахуыр кæнынц. Фæзындысты иумæйæгтæ дæр, фæлæ уыдон æппæт районы не сты. Лæппуты скъолайы физикæ æнæмæнг предмет у, чызджыты та – нæ, тынг сæ куы фæнда йæ ахуыр кæнын, уæддæр. Истори дæр равзаргæ предмет у, уымæ гæсгæ сæм нæй историон зонындзинæдтæ. Нæ зонынц, политикон уынаффæтæм цы цæстæй кæсой, уый дæр.

Уæлдæр ахуыргæнæндæтты дæр уавæр æндæрхуызон у, нæ зонынц, кæрæдзийæ, науæд чиныгæй сфыссын цы у, уый. Студент искæмæй куы сфысса, уæд æм ницы сдзурдзысты, фæлæ йæ дипломы фæнысан кæндзысты. Афтæмæй йæ фæстæдæр, ахуыргæнæндон каст куы фæуа, уæд æй куыстмæ ничи райсдзæн. Студент дæр йæ конспект иннæмæн нæ ратдзæн. Фæлварæнты рæстæг ахуыргæнджытæн æхца нæ дæттынц, уый сæ культурæйы 'вæрд ис. Сывæллоны рæвдауæндонмæ бацæуынæн ис фадат, æрмæст æнхъæлмæ кæсæн гæххæттытæ бахæсгæйæ. Нæ сывæллæттæ скъоламæ бацыдысты, уæддæр нæм нырма рад не 'рхауд, зæгъгæ, фехъусын кодта æмныхасгæнæг.

Ирланди Евроцæдисы уæнг у, фыдзæрдæ чи хæссы Уæрæсемæ сæрмагонд операцийы райдайæнимæ, уыцы паддзахæдты номхыгъды ис. Цы цæстæй кæсынц, цы дзы цæуы, уыцы хабæрттæм, зæгъгæ, фарстæн, Динæ ратта дзуапп, паддзахады политикæ хин, фæлæ биноныг у. Граждæнты цардыл кæй тыхсынц, уымæ гæсгæ сыл цæрджытæ куырмæджы æууæндынц. Политикæмæ хæстæг лæуд нæу ирландиаг æхсæнад, цытæ дзы цæуы, ууыл нæ тыхсынц. Нæ хъуыды кæнынц, раст æмæ зылын чи у, уыдæттыл, цы сын хъусын кæнынц, ууыл æууæндынц. Фылдæр æргом криминал æмæ спортивон хабæрттæм здахынц. Сæ фылдæр Уæрæсейы ныхмæ кæй сты, уый баст у, англисаг колонийæ бирæ рæстæг кæй фæцардысты, уыимæ. Фæлæ, фæстаг рæстæг, сæ иутæ æмбарын райдыдтой сæрмагонд операци цæй фæдыл цæуы, уымæн йæ нысан.

Ирæттæй бирæ цæры ам, бæрæгбæтты рæстæг, Хетæджы бон, Джеоргуыбайы, Уæлахизы бон сæмбæлынц фынджы уæлхъус. 9 майы, кæд сæ зæрдæмæ нæ цæуы бынæттон цæрджытæн, уæддæр æрвылаз дæр саразынц хæдтулгæтыл дугъ, парады рацæуынц уынгты.

– Æз баззадтæн мæ чысыл бæстæйы патриотæй, мæ фидæн Ирыстонимæ бæттын, ирондзинад, нæ истори зонын, не 'гъдæуттыл хæст уæвыныл ахуыр кæнын мæ кæстæрты дæр. Мæ фаззон хо Дианæ дæр йæ бинонтимæ ам цæры. Нæ кæстæртæ хорз зонынц уырыссаг æвзаг, скайпы фæрцы йæ ахуыр кодтой Аланæ æмæ Аминæ, раттой Иумæйаг фæлварæн. Иронау зонынц, фæлæ сын, хъыгагæн, дæрддзæгмæ ахуыргæнæг не ссардтон. Хæдзары æдзух нæ ныхас мадæлон æвзагыл у. Дыууæ паддзахады гражданкæ дæн, фæнды мæ, цæмæй зæххыл сабырдзинад ныффидар уа, нæ сывæллæттæ цæрой цъæх арвы бын, сæ рæстæн цæмæй гæнæнтæ уа, цæмæй Уæрæсе æмæ нæ Ирыстоны цард дидинæг æфтауа, сывæллæттæ фылдæр гуыра. Æз советон сывæллон дæн, уырныдта мæ, рухс фидæн тагъд кæй ралæудзæн. Уый фенæнт нæ кæстæртæ сæ цæстæй! – зæгъы Динæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

# Депутаттæ – Дыгуры районы



(Райдайæн 1 фарсыл)

Советы уæнгтæ ма байхъуыстой, Дыгуры район фарон бабæрæг кæныны фæстæ Парламент цы уынаффæтæ рахаста, уыдон сæххæст кæныны фæдыл **Черчесты Асланы** раныхасмæ. Уымæй уæлдай, æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст закъонты проекттæ. Æхсæнадон хицаудзинады къабазы бынæттон хиуынаффæйады архайд, никотин цы продукцийы ис, уымæн йæ уæй кæнынæн гæрæнтæ æвæрыны фарстатæ нывылгæнæг документтæ Советы уæнгтæн сæ размæ рахастой Черчесты Аслан, **Киситы Мурат** æмæ Парламенты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Остъаты Георги**.

Советы æмбырды фæстæ Парламенты Сæрдар фембæлд районы фæсивæды минæвæрттимæ. Фембæлды ма архайдтой Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Джиоты Георги**, депутаттæ **Бердиаты Кермен** æмæ **Бузарты Артур**, стæй районы разамынд. Фæсивæды раздзогтæ – се 'хсæн уыдысты æрыгон ахуыргæнджытæ, хъомылгæнджытæ, нывгæнджытæ, амалхъомтæ, фидæны тæлмацгæнджытæ, журналисттæ æмæ юристтæ, Фæсивæдон парламенты уæнгтæ – Тускъаты Таймуразмæ лæвæрдтой бирæ фарстытæ. Цымыдисаг сын уыд, адæймаджы миниуджытæй йæ цæсты бæрзонддæр æвæрд кæцытæ сты? Цавæр хъуамæ уа хицаудзинад, цæмæй йыл адæм тынгдæр æууæндой? Ацы æмæ æрыгæтты бирæ æндæр фарстытæн Парламенты Сæрдар лæвæрдта бæстон æмæ, арф хъуыды æвæрд кæм уыд, ахæм дзуаппытæ.

Уыцы бон ма Парламенты Сæрдар бабæрæг кодта Дур-Дуры 2-æм астæуккаг скъола. Ацы ахуыргæнæндон быдурон рацарæзты фæстæ йæ хъомылгæнинæгтæн йæ дуæрттæ ногæй уæрæх байгом кодта. Скъолайы директоры хæстæ æххæстгæнæг **Бичегкуты Фатимæ** уазджыты базонгæ кодта скъолайы ахуырадон куыст æмæ йæ нырыккон гæнæнтимæ, стæй сæ ахуырдзауты æнтыстытимæ.

Уый фæстæ ма Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта Дур-Дуры сæрмагонд (коррекцион) скъола-интернат «Надежда» æмæ арфæ ракодта уыцы ран кусджытæн æмæ хъомылгæнджытæн сæ удуæлдай æмæ зæрдиаг фæллойы тыххæй.

Уæлдай цымыдисаг уыд, Дур-Дуры чи ис, уыцы зæрдылдарæн бынат – зындгонд ирон нывгæнæг Тугъанты Махарбег кæм райгуырд æмæ йæ царды фыццаг азтæ кæм арвыста, уыцы хæдзар-музей. Хæдзарыл цæуы 150 азæй фылдæр. Сарæзта йæ нывгæнæджы фыд, Ирыстоны фыццаг ахуыргонд-агроном Тугъанты Сафар. Музейы сæргълæууæг **Цалиты Батрадз** уазджытæн сарæзта экскурси æмæ фенын кодта, зындгонд нывгæнæджы цардимæ баст, аргъ кæмæн нæй, ахæм экспонаттæ. Тугъанты Махарбеджы хæдзар-музей у ирон адæмы историйы зынаргъ æмæ ахсджиаг хай æмæ ныртæккæ у нывгæнæджы номхæссæг Дзæуджыхъæуы Аивæдты музейы хайад.



Дыгуры районмæ йæ кусæг балцы кæронбæттæн Тускъаты Таймураз уыцы балцæн хатдзæгтæ скодта æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ фарстытæн дзуаппытæ ратта.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Æвзæрстыты агъоммæ

# Велодугъ – Дзæуджыхъæуы

**Уæрæсейы Федерацийы фарæстæм равзæрсты Федералон Æмбырды Паддзахадон Думæмæ депутаттæ æвзарыны сæйраг политикон цауы агъоммæ нæ республикæйы арæзт æрцæудзæн егъау цымыдисаг бæрæгбон – велодугъ.**




РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы хъæппæрисæй «Твой голос – сила России!», зæгъгæ, ацы ныхæстимæ баст у, 18, 19 æмæ 20 сентябры æппæт Уæрæсейы дæр чи ацæудзæн, уыцы æвзарæн кампани. Велодугъ райдайдзæн 12 сентябры, ресторан «Жемчужина»-йы цур. Уый, иуæрдыгæй, адæмы æнæниз цардыуагыл æфтауы, иннæ 'рдыгæй та – сæ зæрдæты æвзæрын кæны патриотизмы æнкъарæнтæ.

Велодугъы архайджытæ æмбырд кæнынц ресторан «Жемчужина»-йы цур (Къостайы проспект, 11-æм хæдзар) райсомы 10 сахатыл. Йæ архайджытæн уыдзæн уыцы тæккæ ран се 'нæниздзинад сбæрæг кæнын æмæ медицинон æркаст ацæуыны гæнæн. Дугъæн йæ кæрон та уыдзæн Доны станцæйы цур.

Уый фæстæ бæрæгбоны архайджытæ æмæ уазджытæ фендзысты, сæрмагондæй сын кæй бацæттæ кодтой, уыцы культурон программæ. Арфæ сын ракæндзысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Администрацийы разамонæг **Гобеты Игорь**, Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ** æмæ депутаттæм кандидаттæ.

Велодугъы архайджытæн се 'ппæтæн дæр уыдзæн зæрдылдарæн лæвæрттæ.

**Нæ уацхæссæг**




Фиппаинаг

# О, ацы Интернет

**Цивилизацийы дуг нын бирæ хæрзтæ æмæ ногдзинæдтæ æрхаста. Уыдонæй иу – Интернет. Фæлæ дзы æппæрццæг хабæрттæн дæр кæрон нæй. Чъизи калынц кæрæдзиуыл, кæй куыд фæнды, афтæ, æмæ сын "макæ" зæгъæг дæр нæй.**

Æз дæр иннæты хуызæн алы бон дæр æркæсын социалон хызты хъусынгæнинæгтæм. Уæлдайдæр, нæхи республикæйы «пабликтæ» кæй хонынц, уыдонмæ. «MAX»-ы бакастæн, Бетъырбухы кæй байгом кæндзысты Хетæгкаты Къостайы номыл музей. Тынг æхсызгон хабар, уымæн æмæ Къостайæн йæ царды иу хай ацыд цæгатаг горæты. Ацы ран ахуыр кодта Императоры Аивæдты академийы æмæ кодта йæ литературон-сфæлдыстадон куыст дæр. Музейы фæзынд ахъаз уыдзæн поэты царды азтæ Бетъырбухы зæрдылдарыны хуызы сæнусон кæнынæн. Уый, фыццаджыдæр, хорз хъуыддаг у, уым, цы ирон диаспорæ цæры, уыдонæн.

Интернеты алы хабар æмæ цауы фæдыл дæр сæ хъуыдытæ фæзæгъынц социалон хызтæй пайдагæнджытæ. Афтæ уыдис ныр дæр. Фæлæ дзы зæрдæ кæмæй барадаид, адæймагæн æхсызгондзинад цы æрхастаид, ахæм ныхæстæ нæ федтон. Къостайы чидæр рассыгъæнаг фыййау расхуыдта æмæ йæ хъуыды, уыцы къæйныхæй уæлдæр информацийы бын æрфыста. Чи зоны, уыцы адæймаг сыхаг республикæйæ дæр уыд, фæлæ диссаг уый у, æмæ сайтыл дзуапп чи дætты, уыдон, бæрнондзинад зонгæйæ, цæуылнæ сæхгæдтой комментариты хыз, бирæ æндæр сайттæ куыд сæхгæнынц, афтæ?

Ныр та Къостамæ ныхилдзысты æнæзонд, æнæпълан æмæ æнæгъдау «чидæртæ»? Къостайы хуызæн адæймæгты тыххæй ахæм информацитæ Интернеты куы фæдæттынц, уæд хъуамæ бæлвырд зоной æмæ сæ бынмæ комментаритæ фыссыны гæнæн макæмæн уа, уыдон зындгонд адæм сты, Ирыстон æмæ нæ бæстæйы кадæн йæ цард чи снывонд кодта æмæ сын сæ нæмттæ дæлдзиныг кæныны бар никæмæн ис.



🖋Музей основоположника осетинской литературы К. Хетагурова откроют в Петербурге

Karporaciya

В честь пастуха который бухал под деревом и на пьяную голову сочинял откроют музей, 💪 это сильно

Историйы сыфтæ

# Уæд фыццаг ирон газет фыста

**Фыццаг ирон газет Ирыстоны куы фæзынд, уыцы цауыл 120 азы сæххæст. Кæд мыхуыры фæрæз бирæ нæ рацард, уæддæр историйы йæ ном баззад, цымыдисæй кæсæм, цы фарстатыл сагъæс кодтой, уыцы рæстæг ирон адæм, уыдæттæ.**

Кæй зæгъын æй хъæуы, 1905 азы Уæрæсейы революцийы фыццаг уылæнтæ куы анхъæвзтой, социалон-политикон уавæр куы сæмтъеры, уæд адæмы цард дæр тæдзынæгæй цыхцырæгмæ бахауд. Зын фадæттæ æмæ тыхстытæн æнцон бысæн нæу, æмæ-иу æхсæнады разынд, адæмы сæрыл чи дзырдта, ахæм лæгтæ. Мæнæ мæ къухтæм цы æрмæг æрбахауд, уым бæлвырдæй æвдыст цæуынц 20-æм æнусы райдайæны змæстытæ. Йæ автор та уацхъуыды бынмæ йæ фæсномыг бафыста – **Дыдын-бындз.**

**Корреспонденцтæ**

Лæдзæгыл худ æркæн, кард бабæтт, рæхыс æрцауындз æмæ дын уый дæр хъæуыхицау.

Ныр æгас аз нæ хицауы æгуыдзæгдзинадæйнæхъæузауyатмææрцыди: фæндæгтæ фехæлдысты, донмæ фаджыстæ калынц, зæхх æнæуæрстæй баззад æмæ, кæй кæм фæнды, уым хуым кæны. Мæгуыр адæмæн цæхæрадоны хæйттæ дæттын къуылымпы кæны. Ныры онг смет æвæрд нæма ис, афтæмæй расклад исы, йæхи цас фæнды, уыйас.

Хъæуæн уынаффæгæнæг у – сход, æххæст та уынаффæтæ хъуамæ кæна хъæуыхицау. Фæлæ махон йæ ныфс ницæмæ хæссы, æмæ сход дæр нал æмбырд кæны. Хъæу æдзæллаг кæнынц, уый мæт æй нæй, æрмæст йæ улупа цæуæд.

Фарон хъæуы ист лæгтæ пригæвæртæ, хорз æгъдæуттæ сарæзтой æмæ райдайæны адæм сулæфыдысты, фæлæ, стæй нæ хъæуыхицау сходы уынаффæ къуылымпы кæнын байдыдта æмæ ныр, раст куы зæгъæм, уæд æхсæны хъуыддæгтæм йæ зæрдæ никæмæнуал райы, æмæ хъæу хъæууат фæци.

Æгас адæм дæр афтæ сфæлмæцыдысты хъæуы æдзæллагдзинадæй æмæ алы бон дæр хицауæн дзурынц: «Фесæфтай хъæу, дæхи айс». Фæлæ, уæддæр уый йæ цæсгом ныддардта æмæ адæмы хъæрмæ йæ хъус тъæбæртт дæр нæ кæны. Æвæццæгæн, йæ разæй чи уыди, уый фæндæгтыл æй ауайын фæнды.

**Терчы Бæсты хабæрттæ**

**1)** Æфсæдтæ Уæлладжыры куы уыдысты, уæд байстой штраф æгасæй 234 сомы. Уыцы æхцайæ газеты фыстмæ гæсгæ, хицæуттæ байуæрстой зианджынтæн 184,273 сомы. Баззади ма дзы 50 сомæй чысыл фылдæр.

Уæлдай хъуамæ бафыстаиккой францустæн сæ заводты хæлды тыххæй Уæлладжыры комы, фæлæ францустæ сæ зиантæ ныххатыр кодтой æмæ 50 сомы хицæуттæм баззадысты. Уыцы æхцайæ фæнд кодтой Салыгæрдæнæй Дзæуджыхъæумæ хъæдрæбынты фæндаг саразын, фæлæ сæ хъуыддаг нæ сырæзти. Уый тыххæй æмæ æхца фаг не сты. Ныр æхца цы хъæутæй байстой, уымæ базилын хъæуы, цæмæй 50 сомы дзæгъæлæй ма фесæфой, фæлæ сæ се 'хсæн исты дзæбæх хъуыддаг сарæзтæуа, ууыл. Хорз уаид рынчындон, кæнæ скъола.

**2)** Æвзæргæнæг, цæмæй нал уа, уый тыххæй кодтой: алы пъырыстыфæн дæр не 'хсæнæй æххуысгæнæг сæвзарæм æмæ уыдонæн бар раттæм, æвзæргæнæг куыд фесафынæн амал кæной, афтæ.

**3)** Дзæуджыхъæуы пъæлицæ зылдысты магазинтыл æмæ дзы ливорæй æмæ гилдзæй кæй ардтой, уыдон байстой.

**4)** Мæхъхъæлы хъæуты пригæвæртæ кæнынц, æвзæргæнджыты æд бинонтæ Сыбырмæ æрвитыныл.

**5)** Иу бон дыууæ нузайладжы, Уæрæсейы стражник чи уыди, ахæмтæ ссыдысты сбæлвырд кæнынмæ, æцæг у ирон адæм сæ разы кæй не сты, уыцы хабар. Се ссыдмæ Нузал пригæвæрæй лæг арвыстой стражникты фæстæмæ ракæнынмæ. Дыууæ лæджы хабар куы бамбæрстой, уæд се 'мбæлттæм тел ныццавтой æмæ уыдон дæр фæстæмæ ссæуынц.

**6)** Брутæй 30 лæджы стражник ацыдысты Уæрæсемæ. Хъахъхъæдуры уынгты вагзалмæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд сыл фæйнæрдыгæй æхситт кодтой, фыдвæндаг фæут, зæгъгæ, сæм хъæр кодтой. Уыдон сæхи нымæтты батыхтой æмæ уынгты афтæмæй ныйивгъуыдтой.

**Телеграмтæ**

**Самара.** Губернатор Блок уынджы куыд фæцæйцыд, афтæ йæ амардæуыд. Йæ файтоны бынмæ йын иу лæг бомбæ баппæрста. Бомбæ фехæлд æмæ губернаторæн йæ сæр фæхаста, ноджы йын атыдта йæ къух æмæ йæ къах дæр. Файтон ныппырх, хæдзæртты рудзгуытæ та нызгъæлæнтæ сты.

**Кронштат.** Æрцыди стыр бунт æфсæдты 'хсæн. Амардтой афицерты. Ныр чысыл сабыр кæнын байдыдтой.

**Бетъырбух.** Æвиппайды горæт ссыгъди дыууæ раны Цас зиан æрцыд æмæ цæмæй ссыгъди, уый бæрæг нæма ис. Æртыккаг раны та горæт судзын райдыдта.

Ныхасы хæмпæлгæрдæг

# Гуырæн æви райгуырæн бон?

**Ирон æвзаг тынг хъæздыг у æрбайсгæ дзырдтæй. Уыцы æцæгæлон ныхæстæн ис иронау дæр зæгъæн, фæлæ, цæмæдæр гæсгæ «фæсдуар» аззадысты, мæнæ ирон дамгъæ «Æ»-йæн фесæфынæй куыд тæссаг уыди, афтæ.**

Канд нæ фæсивæд нæ, фæлæ ацæргæ адæмæй дæр æхсæнады, уæлдайдæр автобусты æрвылбон фехъусæн вæййы: «Нæ мæ замечать кæны», «Тынг переживать кæнын», «Обязательно æрцæудзынæн», «Изæрæй-ма-иу мæм звонок æрбауадз», «Обидно мын уыди», «Мæнæ диссаг, как так можно» æмæ бирæ æндæр ирон-уырыссаг хæццæ-мæццæ хъуыдыйæдтæ. Фæлæ алы ирон адæймаг дæр афтæ куы дзура, абон мæ гуырæн бон у, зæгъгæ, уæд, ахæм дзырдæн куыд ис уадзæн? Уый гуымиры рæдыд у.

Хорз хъуыды кæнын, ацы дзырды фæдыл **Цгъойты Хазби** бирæ хæттыты ныффыста, раст загъд кæй нæу, уый тыххæй. Гуырæн бонæн йæ нысаниуæджы цы хъуыды æвæрд ис, уый фидæнимæ баст у, ома райсом кæнæ иннæ мæй сабийæн йæ гуырæн бон уыдзæн. Адæймаг та райгуырд æмæ царды дарддæр бæрæг кæны йæ райгуырæн бон. Афтæ иу усгур, йæ уарзон чызджы райгуырæн бонмæ цæугæйæ, фæндагыл дидинджытæ алхæдта æмæ йæ зæрдиаг æнкъарæнтæ зарæджы рæнхъытæм сырæзтысты: «Гуырæн бонмæ æз фæхæссын дидинджытæ мæ уарзонмæ». Мæ уарзонæн дæр нæ, фæлæ мæ уарзонмæ.

Ахæм хæмпæлгæрдæгæй ма ирон дзырдуат ссыгъдæг уыдзæн, уый зын зæгъæн у. Æрбайсгæ дзырдтæй ахæмтæ ис, æмæ сын иронау зæгъæн нæй: «такси», «конструктор», «завод», «хирург», «комиссар» æмæ æндæртæ. Фæлæ, уæлдæр кæй ранымадтон, уыцы дзырдбæстыты уырыссаг дзырдтæн та иронау зæгъæн куыд нæ ис? – «Нæ мæ уыны, фиппайы», «Тынг тыхсын», «Æнæмæнг, æрцæудзынæн», «Изæрæй ма мæмиу дзæнгæрæг æрбауадз», «Хъыг мын уыди», «Мæнæ диссаг, куыд ис афтæ гæнæн». Райсомæй автобусы цæугæйæ, цынæ диссаг ныхас фехъусæн ис. Ацы чырæг телефонтæ куы фæзындысты, уæдæй фæстæмæ нæ фыстæджытæн къонверттæ нал хъæуы. Комкоммæ бадзур æмæ дæ зæрды цы ис, уыцы ныхæстæ иуыулдæр ралæхур. Бирæ цаутæ базыдтон æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæй. Чи дзы кæй нал хъæуы, чи кæмæ смæсты, уыдæттæ.



Ау, афтæ тынг ахсджиаг вæййы, æмæ дæ дзуринæгтæ хъуамæ, уыцы уысм адæмы астæу «скалай», багæдзæ кæнын æппын ницæмæн ис? Æвæстиаты хъусынгæнинаджы тыххæй, гæнæн ис, æмæ адзур, фехъусын кæн, фæлæ дæм иууылдæр куыд æрыхъусой, ахæм хабæрттæ кæнын цæмæн хъæуы? Куы рахизай автобусæй, уæд хибарæй дæ хъару æмæ дæхæдæг. Æндæр сæм æвæндонæй фæхъусынц иннæ бæлццæттæ. Иуæй-иутæ сын уайдзæфтæ дæр бакæнынц, кæд гæнæн ис, уæд ма сабыр хъæлæсы уагæй дзурут, зæгъгæ, фæлæ уæйыджы хъусы – уад. Æмæ ма сыгъдæг рæсугъд ирон æвзагыл куы дзуриккой, уæд адæймагæн æхсызгон сты мадæлон æвзаджы мыртæ. Фæлæ ирон-уырыссаг хæццæ хæмпæлгæрдæгæй сæр сриссы. Æндæр гæнæн дæр нын, æвæццæгæн, нал ис. Цард размæ цæуы, æмæ алы дуг дæр йæхи кæнонтæ кæны, ивддзинæдтæ хæссы æхсæнадмæ.

Иу ирон дзырды растфыссынады тыххæй дыууæ адæймаджы 'хсæн быцæу ныхас рауад. Сæ дыууæ дæр филологтæ, нæ сын зæгъын сæ нæмттæ, уæвгæ, дыууæйæ дæр нал сты æгас, фæлæ дзы иу – иуæрдæм дзырдта, иннæ – иннæрдæм. Кæрæдзи нал æмбæрстой, ирон адæмы 'хсæн, дам, афтæ ныффидар. Æмæ, зæгъæм, искæмæн йæ зæвæты сындз суад, уæд мыггагмæ къуылыхæй цæуинаг у? Ирон æвзаджы бирæ дзырдтæ ис, цалдæр хуызы зæгъæн кæмæн ис, ахæмтæ: гæрæн, æмбонд, сисамад – забор; лечъыр, дохтыр, дзæбæхгæнæг – врач; пурти, къозо – мяч æмæ æндæртæ. Мыггæгты растфыссынад дæр ма куы сæмтъеры. Ныххатыр мын кæнæнт Кучиты мыггаг, фæлæ сæ Хъæдгæроны иронау Кучиатæ хонынц, уæвгæ та, Кучитæ сты Тибæй рацæугæ. Бекмæрзтæ-Бекмæрзатæ, Саутæтæ-Саутиатæ. Ацы темæйыл диссертацион куыст ныффыссæн ис, фæлæ, уый дæр, æнхъæлдæн, дзæгъæлы фыдæбон рауайдзæн. Уæддæр чингуытæ стæмтæй фæстæмæ ничиуал кæсы, фæлтау дзыппыдаргæ телефоны Интернеты бакæсдзысты, фæсарæйнаг зарæггæнджытæ Уæрæсемæ цæуылнæуал цæуынц, уый.

Нæ хистæртæ

# Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы

**Куырттаты комы цæрæг Цæгæраты Созырыхъойы (Гокко) йæ рæстæджы Ирыстоны чи нæ зыдта, ахæм нæ уыд. Гоккомæ байхъусын-иу алкæй дæр фæндыд. Йæхи фыдæлтæй йæм дзыхæйдзургæ сфæлдыстад æрхæццæ æмæ сæ йæхæдæг дæр йæ кæстæртæн ныууагъта.**



Уыцы кæстæртæй иу уыд йæ фырт Сослан. Сосланиу редакцимæ арæх æрбауад æмæ та мын-иу рагон хабæрттæй исты радзырдта. Ацы ныхас, кæддæр, Сослан ма саби куы уыд, уæд рауад йæхи æмæ йæ фыды 'хсæн.

## Дада æмæ йæ кæстæры ныхас

– Дада, абон лæппутимæ иу фарстыл нæ фидыдтам.

– Цавæр фарст уыд?

– Мæнæ зымæгон халас æрæвæры, æмæ йæ иутæ чырс хуыдтой, иннæтæ та – сæлф. Куыд у растдæр?

– Дада дæ рынтæ бахæра, уыцы дзырдтæ сты цыппар хуызы: **сæлф, сæлæф, чырс** æмæ **халас.**

**Сæлф** фæзæгъынц, ногуард мит бæлæстæ куы æрæмбæрзы, уæд. Фæзæгъынц, хъæд сæлф у, нæй дзы кусæн, лæг дзы хуылыдз кæны. Уый сæлф у.

**Сæлæф,** ногуард мит, хуылыдз мит, къахæй йыл куы ныллæууай, уæд фæйнæрдæм алидзы, уый хуыйны сæлæф мит.

**Чырс**, уазал рæстæг бæлæстыл æмæ телтыл мигъ ихы гæлæбуты хуызæн куы сæвæры, уæд уый та хуыйны чырс. Уазал бирæ рæстæг куы ахæссы, уæд халас рагуалдзæг дæр æрæвæры кæрдæгыл. Адонмæ ма бафтауæн ис: зæгъ уары, стæй уæд хас хæссы.

– Цы у **зæгъ** та?

– Зæгъ уары,зæгъгæйæ, уый вæййы зымæджы кæрон, уæлдæф фæхъарм вæййы æмæ донæмхæццæ рауары.

– Цы у **хас**? Хæхбæсты цæгатырдыгæй куы фæдымы, уæд фæзæгъынц, дымгæ кæны, уый йемæ рахæссы къæвда. Уазал къæвда æмæ хас хæссы, фæзæгъынц.

– Уæдæ дзырд **райы** та кæцæй равзæрд?

– Райы, зæгъгæ, уыцы дзырдимæ бирæ ныхæстæ баст ис, зæгъæм: байрай, зæрдæрай у, æнæбайрайгæ фæу æмæ афтæ дарддæр. Уымæн йæ æххæст хъуыды та у ахæм: ныккæс ма агмæ райы æви нæма.

– Уæдæ цы уæлдай ис **чындзхуынды** æмæ **чындзхæсджыты** зарæгæй та?

– **Чындзхуынды** зарæг кæнынц, цалынмæ чындзы йæ уатæй уæрдонмæ (машинæмæ) фæкæнынц, уæдмæ. Куы араст вæййынц чындзхæсджытæ, уæд чындзхæсджыты зарæг базарынц.

– Дада æмæ **дæлхъуырбос** та цы у?

– Хъуг баст кæмæй вæййы, уый хуыйны къæлæт. Къæлæт ын йæ хъуырыл скæн дæле уæлæмæ æмæ йæ бæрзæйы 'рдыгæй цы бæттæнæй баст вæййы, уый хонæм дæлхъуырбос, хонынц ма йæ цæгатбос дæр. Дæлхъуырбосæй адæм пайда кодтой, галтыл куы куыстой, уæд, æмæиу æфсондзæн тамасханкуы нæ уыдис, уæд дыууæ тæбынджы-иу кæрæдзимæ абастой дæлхъуырбосæй.

– **Гуыцъæз** та цы амоны, уæд?

– **Гуыцъæз** уыд, галуæрдæттыл куы куыстой, уæд галтæ æфсондзæй ма суадз, рæтæнæгъд уыдис фидаргонд æруадзгæ быцæу, уый феуæгъд кæн, æмæ зæхмæ фæбыцæу, стæй галы суадз æмæ æфсондз ауыгъдæй баззадис.

Цæгæраты Сослан æрæджы йæ цардæй ахицæн. Байрæджы кодтон, фæсмонтæ мын æнцой нæ дæттынц, арæхдæр цæуылнæ æмбæлдтæн Сосланимæ æмæ цæуылнæ ныффыстон, цы бирæ рагон хабæрттæ зыдта, уыдон. Афтæ нæм фæкæсы, цыма хистæртæ æдзухдæр нæ разы уыдзысты, абон куы нæ, уæддæр сæ æндæр бон абæрæг кæндзыстæм. Фæлæ, хъыгагæн, æнусон ничи у…



Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ

## Спортивон фидиуæг



Фехтовани

# Уæрæсейы чемпионат – Ирыстоны

**Дзæуджыхъæуы Хъæбысхæсты спорты цæттæгæнæн центры 7 сентябры райдыдтой фехтованийæ Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы спортсменты 'хсæн.**

Дзæуджыхъæумæ нæ бæстæйы дыууадæс регионæй цы 60 спортсмены 'рцыдысты, уыдон тох кæнынц шпагæ, рапирæ æмæ æхсаргардæй хæцгæйæ. Спортсментæ дихгонд сты 'рыгæттæ (17 азы онг) æмæ фæсивæдон (23 азы онг) карыл. Ерыстæ арæзт цæуынц Уæрæсейы Спорты министрад, РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад, Уæрæсе æмæ Ирыстоны низæфхæрд спортсменты федерациты фæндонмæ гæсгæ. Сæ ацæуынæн æппæт уавæртæ дæр сарæзтой Хъæбысхæсты цæттæгæнæн центры кусджытæ, сæ сæргъы Джызойты Витали, афтæмæй. Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ байгом кæныны мадзалы архайдтой: РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министры хæдивæг, Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау Санаты Аидæ, РЦИ-Аланийы Парламенты депутат Цæллагты Жаннæ, нæ республикæйы Фехтованийы федерацийы президент Хæдарцаты Аслæнбег, фехтованийæ Уæрæсейы иугонд командæйы хистæр тренер Хасан Исмаилов. Уыдон зæрдиаг арфæтæ ракодтой ерыстæ саразджытæ æмæ спортсментæн. Ерысты архайджытæ кæд иууылдæр инвалидон коляскæты уыдысты, уæддæр сæ низыхаттмæ гæсгæ дихгонд цыдысты категоритæ «А» æмæ «В»-йыл.



Шпагæйæ категори «А»-йы 23-аздзыд спортсменты ерысты фыццаг æртæ бынаты бацахстой ирыстойнаг фехтовальщиктæ: 1 – Максим Курамшин, 2 – Цогойты Марат, 3 – Чиуиты Тамерлан. Ноджы ма иу 3-аг бынат бацахста Башкортастаны минæвар Валентин Селезнев. Ацы кары, категори «Б»-йы дæр æртæ фыццаг бынæттæм рацыдысты ирыстойнаг лæппутæ: 1-аг бынат – Бестауты Хетæг, 2-аг – Салхъазанты Даниил, 3-аг – Олег Рубцов, иннæ 3-аг бынат та бацахста Волгограды минæвар Даниил Данилов.

Сылгоймæгты ерысты категори «А»-йы фыццаг цыппар бынаты рамбылдтой ирыстойнаг чызджытæ: 1-аг – Исаты Алисæ, 2-аг – Диакъонты Дианæ, 3-аг – Полинæ Баданина æмæ Ася Дербитова. Категори «В»-йы ацы кары (23 азы онг) ерыстæ цыдысты дыууæ къорды, æмæ сæ дыууæйы дæр фыццаг бынæттæ рамбылдтой Ирыстоны уазджытæ. 1-аг къорды фыццаг бынатмæ рацыд Воронежы минæвар Екатерина Исаева, 2-аг къорды та фыццаг бынат рамбылдта Ханты-Мансийскы командæйы уæнг Василиса Шишманцева. Ацы къорды 2-аг бынатмæ рацыд ирыстойнаг чызг Лусине Григорян.

17 азы онг спортсменты ерысы категори «А»-йы 1-аг бынат рамбылдта Новороссийскы командæйы уæнг Вадим Шенфельд. Йæ фæстæ 2-аг бынатмæ рацыд йе 'мзæххон Илья Чернышов, Ирыстоны минæвар Чиуиты Тамерлан та бацахста 3-аг бынат. Ацы кары категори «В»-йы 1-аг бынат рамбылдта мæскуыйаг шпажист Олег Рубцов, йæ фæстæ призон бынæттæ рамбылдтой: 2 – Даниил Сивуха (ХМАО), 3 – Даниил Данилов (Волгоград), 3 – Александр Карпов (Новосибирск).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæн хæрзиуджытæ æмæ дипломтæ раттой: Уæрæсейы иугонд командæйы хистæр тренер Хасан Исмаилов, Спортивон-цæттæгæнæн центры директор Джызойты Витали æмæ дунеон категорийы тæрхонгæнæг Хусейн Исмаилов.

11-12 сентябры сбæрæг уыдзысты уæлахиздзаутæ, рапирæ æмæ æхсаргардæй хæцгæйæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд



### Дзуаппытæ 5 сентябры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:**

7. Баклажан. 8. Гæмæхсæр. 10. Хъæрасæст. 11. Цъата. 13. Ислам. 15. Къори. 16. Глинка. 18. Сæгуыт. 19. Æгæнон. 20. Бельги. 24. Бæзнаг. 25. Сæйраг. 26. Сомих. 28. Тæргу. 30. Атлæс. 31. Агуыридур. 32. «Маскарад». 33. Зайæгхал.

**БЫНЫРДÆМ:**

1. Уанцъылы. 2. Татха. 3. Гадæкк. 4. Тæтæри. 5. Уæфти. 6. Бæгъатыр. 9. Патокæ. 12. Тонагæнæг. 14. Сæгъгуист. 17. Айнæг. 18. Силос. 21. Тæтæйраг. 22. Камари. 23. Ласæггаг. 26. Сæудар. 27. Хæдзар. 29. «Уасаг...» 30. Артæн.

**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Нæ фыдæлтæ кæуыл цагътой, уыцы музыкалон инструменттæй иу у ... — уадындз. 6. Аивады хуыз. 10. Кадæггæнæг Сланты Гахайы дыууадæстæнон фæндырыл сахуыр кодта йæ фыдыфсымæр... . 11. Дудараты Вероникæ — ССР-ы Цæдисы адæмон артисткæ, дунейы фыццаг сылгоймаг — ... . 12. Ирон дæсны фæндырдзæгъдæджы ном... 15. Ирон профессион музыкæйы бындурæвæрджытæй иуы ном. 16. «Зæрдæйы... — ирон фæндыры арфæ! Кæнæм дын мах цæрæнбонты æмдзæгъд!» Галуанты Людмилæ. 17. Ирыстоны зындгонд фæндырдзæгъдæг, композитор, дирижеры ном. 20. Цæгат Ирыстоны Аивады лицейы камерон хор. 21. Гæбæраты Ильяйы уацмыс, симфонион ... «Фæллой». 25. Плиты Жаннæйы пьесæ, кæцыйæн Токиойы дунеон конкурсы лæвæрд æрцыд сæрмагонд приз. 26. Гæбуты Жаннæ йæ концерты цы сурæттæ сарæзта, уыдонæй иу. 27. Ирон хъайтарон зарæджы хъæбатыры ном. 30. Гæбæраты Илья ныффыста музыкæ киноныв «...Иристона»-йæн. 31. Композитор Гуырдзыбегты Георгийы фыст зарæг. 32. «70 зарæгмæ хæстæг сарæзтон. Се 'ппæтæн дæр мæ фæндыд адæмон «...» бавæрын сæ мелодиты, ныхæсты». Суанты Федыр. 35. Нæ фыдæлты рагондæр музыкалон инструменттæй иу. 36. Гæджынаты Руслан зарæггæнджыты æппæтдунеон конкурсы бацахста дыккаг бынат туркаг ... Анталийы, æмæ йын лæвæрд æрцыд хорзæх «Сыгъзæрин хъæлæс «Б0-НА-МИ».

**БЫНЫРДÆМ**: 1. Адæмон зарджытæ фыдæй-фыртмæ нæ фæсивæды ахуыр кодтой... æгъдау æмæ намысыл, рæсугъддзинад æмæ лæгдзинадыл. 2. Дауыраты Эдуард азарыд сæйраг партитæ: Гермæн «Пиковая Дама», Ленский «Евгений Онегин», ... «Станционный смотритель» æмæ æндæртæ. 3. УФ-йы адæмон артист, Цæгат Ирыстоны симфонион оркестры бирæ азты разамонæг æмæ сæйраг дирижер. 4. Ирон зарæджы фестиваль «Æрфæны ...» 7. Галаты Барисы фыццаг музыкалон комеди. 8. УФ-йы сгуыхт артист Суанты Ким стыр фæд ныууагъта ирон... æмæ культурæйы. 9. Æлборты Феликс киноныв «День праздника»-йы баиу кодта ирон фæндыр, ... æмæ симфонион оркестр. Уымæй ирон фæндыр фыццаг хатт систа симфонион инструментты бæрзæндмæ. 13. Гергиты Валери у УФ-йы паддзахадон премийы... .14. Ирыстоны рагондæр музыкалон инструменттæй иу. 18. УФ-йы сгуыхт артисткæ Кокойты Агуындæ разамонæг у... «Алани»-йæн. 19. «Ирон фæндыр тымбыл симды куы 'рцамоны дзæбæх, æмбисонды нæргæ зæлтæм нызмæлы..., къæдзæх». Айларты М. «Ирон фæндыр». 22. Æлборты Феликс у ... « Музыкальная культура осетин»-ы автор. 23. Зындгонд композитор, музыкалон фольклор, æмбырдгæнæджы ном. 24. «Æрдхæрæны фæндырдзагъдмæ мæ зæрдæ риуы сног. Сæрæнгуырд ... къахфындзтыл хæрдмæ фæхауы рог». Айларты М. «Ирон фæндыр». 28. Ирыстоны фæндырдзæгъдджыты ансамбль. 29. Суанты Ким цы зарджытæ зарыд, уыдонæй иу. 33. Плиты Жаннæйы зæрдæмæ 'ввахсдæр у композитор ... . 34. «Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, куы бафидин искуы мæ ...» Къоста.

## Цыбырæй

# Не 'мзæххоны номыл

**Курскы сараздзысты УФ-йы Национ гвардийы 'фсæдты федералон службæйы, Уæрæсейы Хъæбатыр Тыбылты Мараты номыл кадетон училищæ.**

Фарон августы амынд ведомствæйы директор Виктор Золотов æмæ Курскы облæсты губернатор Александр Хинштейн фидæны ахуыргæнæндоны бындуры сæвæрдтой номарæн дур.

«Курскы саразинаг кадетон училищæйæн ратдзысты президентон уагæвæрд. Мæскуыйы, хъуыддаджы балцы уæвгæйæ, Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы разамонæг, Уæрæсейы Хъæбатыр, æфсады инæлар Виктор Золотовимæ 'рныхас кодтон фидæны училищæйы арæзтады проектыл. Ведомствæйы сæргълæууæджы бардзырдмæ гæсгæ, рæхджы куыстытæн фадæттæ саразынæн Курскмæ æрбацæудзæн директоры хæдивæг, инæлар-булкъон Алексей Кузьменков. Арæзтад фæззæджы кæй райдайдзæн, ууыл зæрдæ дарæм», – ныффыста Александр Хинштейн «Макс»-ы.

Училищæйы бынæттæ уыдзæн æртæсæдæ фæндзай кадетæн (фæндзæм къласæй райдайгæйæ). Кадеттæн сараздзысты ахуырадон æмæ цæрæнуатон бæстыхæйттæ, бассейн, тир, спортивон фæзтæ æмæ стадион. Службæйы хæстæ æххæст кæныны заман чи фæмард, училищæмæ ахуыр кæнынмæ, фыццаджыдæр, исдзысты «Росгвардия» æмæ тыхы æндæр структурæты уыцы кусджыты цоты.

# Фестивалы архайдзысты



**Цæгатирыстойнаг делегаци ацыд Екатеринбурджы саразинаг Фæсивæды дунеон фестивалы архайынмæ.**

Нæ республикæйы минæвæрттæм урайлаг горæты æнхъæлмæ кæсынц ног зонгæтæ, алыхуызон зонындзинæдтæ æмæ зæрдылдарæн цаутæ. Цæгат Ирыстоны культурæ æмæ æгъдæуттæ парахатæй равдисынмæ цæттæ чи у, нæ республикæйы делегацимæ хауынц ногдзинæдтæм зæрдиагæй тырнæг ахæм хъæппæрисджын лæппутæ æмæ чызджытæ.

17 сентябры онг фестивалы архайджытæн бацæттæ кодтой дзыллон ахуырадон, культурон æмæ спортивон мадзæлттæ, фæсарæйнаг бæстæтæй æрбацæуæг æрыгон разамонджытимæ мидисджын фембæлдтытæ, стæй ног фæндæттыл иумæйаг куыст.

На делегацийы уæнгты архайд фестивалы æнтысджын кæй рауайдзæн æмæ нæ фæсивæды минæвæрттæ Екатеринбургæй зæрдæрухсæй кæй æрбаздæхдзысты, уыдæттыл зæрдæ дарæн ис.

**Нæ уацхæссæг**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.:**
**8-961-821-90-88.**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности.**
**Тел.:**
**8-928-928-88-24.**



**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.:**
**8-918-702-00-82**
**(Казбек).**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат.**
**Тел.:**
**8-989-039-78-89**
**(Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках.**
**Доставка.**
**Тел.:**
**8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83**
**(Руслан).**


Газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хæстæджытæн,

**ТЫБЫЛТЫ**
**Ильяйы фырт Павел**

кæй амард, уый фæдыл.

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**ТЫБЫЛТЫ**
**Ильяйы фырт Павел**

кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты сабаты, 12 сентябры, ахæм адрисыл: 1-аг Редант, Мæхъиты Феликсы уынг, 55.

**Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ арфæ кæнынц, сæ зыны сахат, Гæлæбуты Андрейы фырт Мухарбеджы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, уыцы æрцæуæг адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн къуырисæры, 14 сентябры, ахæм адрисыл: ул. Красногвардейского моста, 13 (Намысы аллейы район).**


Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1006. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**